

Kisa Parent Dashboard la ye?

New York State Education Department (NYSED) ap mete sou pye yon mwayen pou li ogmante transparans epi pou rann li pi fasil pou paran ak piblik la genyen aksè ak enfòmasyon konsènan randman lekòl ansanm ak lòt done sou nivo lekòl la. Sa a se yon pati nan plan **ESSA** New York la.

Kòmantè

NYSED ap kolekte kòmantè nan men paran ak pati enterese yo nan lide pou yo gide travay devlopman Parent Dashboard la. NYSED pral itilize kòmantè sa yo pou li idantifye done ki pi itil pou paran yo ak piblik la.

Konsepsyon

Parent Dashboard la pral prezante yon chema ki klè, senp pou pi byen satisfè bezwen paran ak piblik New York la yo.



Every Student Succeeds Act

Every Student Succeeds Act (ESSA) se yon lwa ki dekri kijan Eta yo kapab itilize lajan federal pou sipòte lekòl piblik yo.

Eta New York la te kreye yon plan ESSA, ke U.S Department of Education te apwouve nan mwa janvye 2018 la. Plan an mete aksan sou ekite nan edikasyon pou tout elèv epi li ogmante mezi sou responsablite lekòl yo genyen ak reyisit elèv yo.

Pwomosyon Ekite

Fondamantalman, ESSA pral kreye yon seri estrateji pou ankouraje ekite nan edikasyon nan sipòte distri ak lekòl yo pandan y ap travay pou asire reyisit chak elèv.

Eta New York pran angajman pou li asire li ke tout elèv yo reyisi epi pou yo briye nan lekòl kèlkeswa kiyès yo ye, kote y ap viv, nan ki lekòl yo ale oswa kote yo soti.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou ESSA nan:

www.nysed.gov/essa
